



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RÈGLEMAN KE YO PWOPPOZE POU FÈ SANTRAL ELEKTRIK NEW YORK YO VIN SAN CHABON APATI 2020

*Eta a Pral Egzije Tout Santral Elektrik yo pou Atenn Limit CO2 Estrik yo - Gade Règleman Yo Pwopoze yo [La a](#)*

*Li Sipòte Pwogram Enèji Pwòp Gouvènè a Ki Ap Mennen nan Nasyon an Ki Gen Ladan Objektif pou Redwi Emisyon Gaz A Efè Sèr yo Atravè Eta de 40 Pousan apati 2030*

*Odyans Piblik Yo Te Pwograme pou Mwa Jiyè Yo Ap Bay Opòtinite pou Fè Kòmantè sou Règleman yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke sou òdonans li, Depatman Konsèvasyon Anviwònmental (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York lan te pibliye règleman ki pwopoze yo pou egzije tout santral elektrik yo nan New York pou atenn limit emisyon gaz yo pou diyoksid kabòn (CO<sub>2</sub>), yon gaz a efè sèr ki pwisan ki ap kontribiye nan chanjman klimatik yo. Règleman yo, ki se yon apwòch ki se premye nan nasyon an pou regularize emisyon kabonik yo, pral akonpli objektif Gouvènè an pou mete fen nan itilizasyon chabon nan santral elektrik Eta New York yo apati 2020.

“Pandan ke Washington ap kontinye ak yon daso klè sou anviwònman nou an, New York ap dirije atak lan ak mezi klimatik pwogresis pou pwoteje avni nou”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Chabon se yon relik tan pase, epi li lè pou nou leve kanpe, pran mezi, epi mete yon bout nan nesesite kabiran fosil nou yo ak fokis sou yon solisyon enèjetik ki pi pwòp, pi ekolojik pou sivi planèt nou an ak jenerasyon fiti yo.”

“New York se yon lidè nan batay kont chanjman klimatik yo ak envestisman konsiderab pou pwoteje anviwònman nou an”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap ranfòse enfrastrikti nou yo atravè eta a epi pouswiv pwojè yo ki ap pwomouwva opsyon enèjetik ki pi pwòp epi pi ekolojik yo pou kominate ak abitan nou yo.”

### New York San Chabon (Coal-Free New York)

Yo ap akonpli angajman diskou Eta Leta 2016 Gouvènè pou nou fonksyone san chabon apati 2020 ak direktiv Eta Leta 2018 li an bay DEC pou devlope règleman pou ka akonpli li, règleman yo pwopoze yo pral ranfòse Estanda Pèfòmans CO<sub>2</sub> yo pou

Etablisman Jeneratè Elektrik Majè yo (CO2 Performance Standards for Major Electric Generating Facilities) nan eta a apati etablisman egzijans nivo emisyon CO2 yo pou etablisman jeneratè elektrik majè yo. Sa pral asire ke rès santral elektrik ki fonksyone ak chabon yo nan eta a ap fè tranzisyon nan sous enèji altènatif ki pi pwòp yo oswa fèmen yo apati 2020. Eta a rete pare pou ede travayè ak kominote yo fè tranzisyon nan yon avni enèjetik ki pwòp atravè inisyatik Karyè Klima Pwòp (Clean Climate Careers) Gouvènè a ak Fon Rediksyon Sispansyon Etablisman Jenerasyon Elektrik lan (Electric Generation Facility Cessation Mitigation Fund) ke yo te kreye pou abòde nesesite kominote lokal yo ki afekte pa nenpòt fèmti, menm jan ak yon òganizatè pwogram enèji pwòp yo pou sipòte tranzisyon nan santral sa yo lwen de chabon.

Pwopozisyon an te parèt nan rejis eta a nan dat 16 Me, epi yo pral aksepte kòmantè yo jiska dat 29 Jiyè 2018. An plis, yo te planifye twa odyans piblik pou bay opòtinite adisyonèl pou moun kòmantante sou règleman yo:

**16 Jiyè 2018 - 11:00 AM**

NYSDEC  
625 Broadway  
Public Assembly Room 129A/B  
Albany, NY 12233

**18 Jiyè 2018 - 11:00 AM**

NYS DOT  
1 Hunter's Point Plaza  
47-40 21st Street  
Room 834  
Long Island City, NY 11101

**24 Jiyè 2018 - 11:00 AM**

NYSDEC  
6274 Avon-Lima Rd. (Rtes. 5 and 20)  
Conference Room  
Avon, NY 14414-9516

**Komisè DEC Basil Seggos te di**, "Chanjman klimatik yo mande aksyon reyèl, epi sa se egzakteman sa ke nou ap fè isit la nan New York ak nouvo règleman sou chabon nou yo. Atravè règleman sa yo Gouvènè Cuomo ap solidifye wòl li kòm defansè anviwònmantal ki ap mennen nan nasyon an, epi ede tout moun New York yo reyalize potansyèl ekonomik finansman anviwònmantal yo ak mezi klimatik yo".

**Komisè Depatman Travay la (Department of Labor), Roberta Reardon, te di**, "Nou kontan anpil pou nou fè pati efò sa yo pou fè tranzisyon travayè yo soti nan endistri kabiran fosil yo epi ede mennen a kreyasyon mendèv fiti an".

**Lidèchip New York sou Chanjman Klimatik yo**

Anons jodi a se yon lòt konpozan nan kalandriye global Gouvènè an genyen pou konbat chanjman klimatik yo apati rediksyon emisyon gaz a efè sèr yo epi devlope ekonomi enèji pwòp lan. Atravè lidèchip Gouvènè an, Kalandriye Klimatik (Climate Agenda) ak Travay Enèji Pwòp (Clean Energy Jobs) 2018 lan ap kontinye ak pwogrè li nan redwi

emisyon gaz ki soti nan santral elektrik ki sèvi ak kabiran fosil yo ki genyen yo, epi fè vanse teknoloji enèji pwòp yo atravè envestisman san presedan yo nan enèji ewolyèn tou pre rivaj yo, enèji solè, estokaj enèjetik, ek efikasite enèjetik, pandan ke y'ap pouse devlopman mache epi kreye travay atravè eta a. Rejis akonplisman klimatik rekò Gouvènè a ki ap mennen nan nasyon an gen ladan:

- **Alyans Etazini pou Klima a (United States Climate Alliance):** Ko-fonde Alyans Etazini pou Klima a, ki Bipatit, pou atenn objektif pou rediksyon emisyon gaz onivo eta yo, nan kad Akò Pari a sou chanjman klima. Alyans Etazini pou Klima a gen landan kounye a 16 eta ak Pòtoriko, epi li konte pou 9 trilyon dola nan GDP, ki ase pou yo se twazyèm pi gwo ekonomi nan mond lan.
- **Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund):** Depi an 2016, yo te sekirize yon 300 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la, ki ap sipòte pwojè yo nan chak konte pou pwoteje tèren, amelyore kalite dlo ak lè a, epi konbat chanjman klimatik yo.
- **Inisyativ Rejjonal Kont Gaz a Efè Sèr yo (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI):** Yo te dirije efò pou redwi limit emisyon kabòn RGGI a nan 45 poustan an 2014, epi resamman yo te mande yon rediksyon limit adisyonèl omwen 30 poustan ant 2020 ak 2030 pou limit ki reyisi sa, ak pwogram komès pamì eta nòdès ak eta nan mitan atlantik yo.
- **Refòme Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision):** Yo te etabli yon estrateji enèji global pou rann vizyon sistèm enèji ki pwòp, rezistan ak abòdab la vin yon reyalite, pandan yo ap estimile inovasyon enèji, atire nouvo djòb, ak amelyore chwa konsomatè yo.
- **Estanda Enèji Pwòp la (Clean Energy Standard):** Yo te kreye manda pou enèji pwòp ki pi global epi pi anbisye nan istwa eta a, ki ap egzijé pou ke 50 poustan kouran yo itilize nan New York yo soti nan sous enèji renouvlab yo tankou enèji ewolyèn ak enèji solè apati 2030. Estanda Enèji Pwòp lan ap atire envestisman san presedan nan enèji renouvlab yo ki gen ladan 1.4 milya dola pou 26 pwojè a gran eskal an Mas 2018.
- **Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund):** Yo te etabli yon fon 5 milya dola ki pou estimile inovasyon teknoloji pwòp, mobilize envestisman prive epi ede elimine baryè sou mache a pou rann enèji pwòp pi ekstansib ak pi abòdab pou tout moun New York yo.
- **NY Green Bank:** Yo te kreye pi gwo Green Bank nan nasyon an, ki te atire 1.6 milya dola nan envestisman publik ak prive yo nan pwojè enèji pwòp yo atravè Eta New York depi apre lansman li an 2014. Baze sou reyisit sa, Green Bank lan ap konble kounye a omwen yon 1 milya dola adisyonèl nan fon sektè prive yo pou "ale sou plan nasyonal".
- **NY-Sun:** Pwogram solè NY-Sun lan te ede favorize kwasans 1,000 poustan nan enèji solè atravè Eta New York depi an 2012, ki ap byen itilize 2.8 milya dola nan envestisman prive yo epi favorize 12,000 pòs travay.
- **Karyè Klima Pwòp yo (Clean Climate Careers):** Yo ap fè patenarya ak kominote travay lan pou ede kreye 40,000 nouvo pòs travay nan enèji pwòp ki byen peye atravè eta a apati 2020.
- **Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo (Offshore Wind):** Yo te pibliye plan prensipal ki pi global nan nasyon an pou van ki soti pre rivaj yo an 2018, ki gen ladan yon angajman san presedan pou devlope jiska 2.4 jigawat kouran ewolyèn tou pre rivaj yo apati 2030, ki ase pou bay 1.2 milyon

fanmi New York kouran. Plan an gen ladan pou bay 800 megawat kouran ewolyèn tou pre rivaj yo atravè de solisitasyon an 2018 ak 2019.

- **Estokaj Enèji:** Yo te etabli nan diskou Eta Leta 2018 lan yon objektif estokaj enèji pou gen 1,500 megawat apati 2025 pou ede entegre enèji renouvlab nan rezo elektrik lan.
- **Efikasite Enèji:** Yo te anonse nan Jounen Tè 2018 lan (Earth Day 2018) yon nouvo objektif efikasite enèjeik anbisye pou redwi konsomasyon enèji ki ekivalan a 1.8 milyon fanmi New York apati 2025.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)